CIVIC ACTION TEAMS

Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #३२

२२।२।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

# कोभिड - १९ क संक्रमितके संख्या बढलासंगे बिमारीके ईलाज आ व्यवस्थापन बीच तालमेल मिलाबला नयाँ टिमके गठन

## टिमको संरचना

- गुणस्तर तथा नियमन महाशाखा प्रमुख, संयोजक
- सिसिएमसि, प्रतिनिधि सदस्य
- मेडिकल काउन्सील, प्रतिनिधि सदस्य
- निजि अस्पताल छाता संगठन, प्रतिनिधि सदस्य

→

## उद्देश्य

- अनुगमन करनाई
- सुरक्षाके व्यवस्थापन करनाइ
- नियमन करनाई

→

## टिमले निम्न प्रश्नहरुलाई सम्बोधन गर्नेछ

- सब तरहके अस्पतालसभ सँ कि केहन सेवासभ सुचारु भेल अछि?
- कि केहन सेवासभ सुचारु होबके चाहि छलै ?
- ऊ सेवासभ किया सुचारु नै भेल छै ?
- ओ सुचारु करके लेल कि कर परतै ?

# नेपाल अपडेट



बुटवलके आईसोलेशन सेन्टर सँ निक भेल ७ वर्षिया बचियाके बिदाई करैत उप-महानगर प्रमुख शिबराज सुवेदी

तस्बिर: भवानी प्रसाद पाण्डे

**परिक्षण**

पिसिआर: १,००,९७१
आरडिटि: १,५६९,९१

पोजेटिभ: ३,७६२
उपचाररत: ३,२६१
मृत्यु: १४




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



सरकार श्रम बैंक स्थापना करतै कहादन । फेर ई केहन बैंक छै ?

अई अन्तरगत सरकारद्वारा पहिले श्रम बजारमे प्रवेश करवला श्रम शक्तिके योग्यता, ज्ञान, सीप, दक्षता तथा अनुभवके लेखांकन करल जेतै । तेकर बाद कोन क्षेत्रमे रोजगारीके अवसर छै कहि आवश्यक विवरण संकलन करतै । अई तरहे भविष्यमे श्रम बजारमे कोन-कोन क्षेत्रमे संलग्न होब सकैत छी कहि काम मिलान (Job Matching) कलक रोजगारी सृजना करके उद्देश्य सँ श्रम (सूचना) बैंकके अवधारणा सरकार आगु अनलक अछि ।

स्रोत: https://moless.gov.np/?p=3372#post/0



सुदूरपश्चिम प्रदेश सरकारद्वारा कोभिड १९ परिक्षणके लेल आओर स्वाब संकलन नै कर मातहतके स्वास्थ्य कार्यालयके निर्देशन देलक कहि सुनैत छी । कि ई साँच छै ?

सुदूरपश्चिममे रहल एक मात्र सेती प्रादेशिक अस्पतालके प्रयोगशालामे ११०० सँ बेसी स्वाब राख सकके अवस्था नै छै । अखन अस्पतालके प्रयोगशालामे दैनिक २५० कोईके पिसिआर परीक्षण भलरहल छै । प्रयोगशालामे तत्काल थप स्वाब राखन सकके अवस्था नै छै । अखनके अवस्थामे संकलित स्वाबके परीक्षण करमे कम्तिमे सेहो ४ दिन लगैछै । स्वाब भण्डारण करके लेल जरुरत परवला डिफ्रिजके अभाव भेला सँ आरो स्वाब संकलन करवला काज रोकलगेल छै ।

स्रोत: डा. गुणराज अवस्थी, निर्देशक, सुदूरपश्चिम स्वास्थ्य निर्देशनालय
०९४ ४४०१२०/४४०२७८



आब त निजी अस्पताल सेहो कोभिड - १९ के परिक्षण करहल छै कहादन । कि हम सेहो परिक्षण कराब पायब ?

कोभिड-१९ के परिक्षणके लेल तयार कएलगेल निर्देशिका अनुसार परिक्षणके पहिल प्राथमिकतामे विदेश सँ आयल, बेसी संक्रमण देखाएल क्षेत्र सँ आएल आ संक्रमितके सम्पर्कमे आयल आदमी हेतै । दोसर प्राथमिकतामे, कोभिड - १९ के बिमारीमे प्रत्यक्ष सम्पर्कमे रहल स्वास्थ्यकर्मी तथा कर्मचारी आ आकस्मिक स्वास्थ्य सेवा जरुरत परवला आ कोभिड - १९ के शंकास्पद बिमारी रहतै । तहिना कलक तेसर प्राथमिकतामे, तिव्र गतिमे संत्रमण फैलरहल समुदायके आदमीसभ आ लक्षण देखाएल लेकिन उपर उल्लेख कएलगेल कोनो भी समुहमे नै परल आदमीसभ हेतै । लक्षण नै देखाएल, संक्रमितके सम्पर्कमे नै आएल, ट्राभल हिष्ट्री नै भेल आ स्वस्फुर्त रुपमे परिक्षण कर चाहवलासभके परिक्षणके प्राथमिकतामे नै राखल जेतै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/16qC8AD3q-0E-pQtRr2Hca8S3Evg6GgrM/view



सरकारद्वारा आब सहयोगी सँ कमे सहयोग नै स्वीकार कर्तै ?

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयमे प्रदान करवला सहायता सामानके न्युनतम दाम रु. ५ लाख बराबरके होब परत । तहिना कलक, सहायता सामान प्रदान करवला निकायके जे प्रयोजनके लेल सहायता प्रदान करबै, तै के लेल जरुरत परवला सम्पूर्ण सामान समेत संलग्न कलक एकमुष्ट सेटके रुपमे प्रदान कर परत । जेना: एएभ सेट भितर मास्क, क्याप, एप्रोन, ग्लोब्स, बुट, कभर, गगल्स समावेश भेल पूर्ण सेट ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1j4HXkyuKmzl8Uaj8u5Y-Y0GvsZu1vIx3/view




## COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

कोभिड - १९ सम्बन्धी नि:शुल्क जानकारी लेबके लेल आहाँके ल्टक्ष सिमकार्डसँ **32100** मे डायल करु ।

viamo द्वारा प्रस्तुत

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| १,०१,९१४ संक्रमित | ३१,८४८ संक्रमित | १४,७६३ संक्रमित | ६८,७९० संक्रमित | ३८,८०८ संक्रमित | १७,४८६ | ८,३२९ संक्रमित | ११,८१४ संक्रमित |
| १३६४ नेपाली संक्रमित | ६५० नेपाली संक्रमित | ३११ नेपाली संक्रमित | ६,९११ नेपाली संक्रमित | १६०० नेपाली संक्रमित | | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| ८ मृत्यु भएका नेपाली | २ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १९ मृत्यु भएका नेपाली | | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## श्रमिकसभके "घर जाय पाबी" अभियान शुरु भेल १ महिना ५ दिन

- यूएईके सारजाह सँ काठमान्डौंके लेल भेल उडान मार्फत १६८ कोई अपन घर फिर्ता भेल अछि त, आरो २६ कोई नेपालीसभ सेहो म्यानमार सँ स्वदेश फिर्ता भेल अछि ।
- पहिल उडान भेलाके बादो आरो उडान कहिया, कत सँ कतेटा आ केना हेतै कहि कोनो तालिका नै आएल नै अछि । सरकारद्वारा बनाएल गेल कार्य योजना अनुसार कोभिड - १९ नै भेल मेडिकल रिपोर्ट चाहि कहि कहल गेल छै, लेकिन सम्बन्धित देशमे एत्रह टेस्ट महँगा होबके साथे कामदारके कत सँ केना करबै कहि एहि विषयमे समेत सेहो निक सँ जानकारी नै भेलाके कारण दुविधा कायमे छै । जल्दिये अई विषयमे ठोस निर्णय हेतै ।
- कोनो भी वायुसेवासभ नेपाल आब आ जायके अनुमती नै पौने अवस्थामे किछ वायुसेवा विदेश सँ घर फिर्ता आबवला नेपालीसभके लेल टिकट बुकिङ शुरु करने कहि बहुतो माध्यम सँ सुनमे आयला सँ एहन भ्रममे नै पर आ टिकट बुकिङ या किनवला काज नै कर नेपाल नागरिक उड्डयन प्राधिकरण आग्रह करने अछि ।

# $ फलो द मनी

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्व २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब १ अर्व ८ करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.३ करोड | करिब ६१ करोड | करिब ४० करोड | करिब १५ करोड | करिब २३.६ करोड | करिब ५० करोड | करिब ४०.२ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १७.८ करोड | करिब १७.७ करोड | करिब १२.३ करोड | करिब ९.२ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १३.२ करोड | करिब २०.१ करोड |

## कोभिड - १९ प्रतिकाय आ राहतमे अन्तरराष्ट्रिय गैर सरकारी संस्थाके सहयोग




प्रकृयामा रहेका
रु. २२,८७,३३,६०८

स्वीकृत रकम
रु. ६०,०५,७१,९०२.६४

जम्मा राहत आ प्रतिकार्यके लेल छुट्याएल गेल रकम




३० टा अन्तरराष्ट्रिय गैर सरकारी संस्थासभ ओकरसभके कूल चालु कार्यक्रमके बजेटसभ २० प्रतिशत रकम कोभिड-१९ के लेल राहत आ प्रतिकार्यमे खर्च करब कहि अनुमती लेने अछि । रु.६० करोड सँ बेसी रुपैया खर्च करके लेल अनुमति पाबि चुकल अछि त, आरो २ करोड २० लाख सरकारसँ अनुमतिके प्रतिक्षामे अछि । ऊ रकम सरकारके स्वास्थ्य उपकरण किन, खाद्यान्न वितरण कर आ आरो राहत प्रदान कर सहयोग कयल जेतै । ई सब रकम स्थानीय सरकारसंगेके सहकार्यमे खर्च करल जेतै । तहिना, अईसँ लाभान्वित होबवला स्थानीय सरकारके अनुगमन कलक खर्चके प्रभावकारी बनेनाई जरुरी छै ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग कदेब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# महामारीसँ सिखेने सकारात्मक पाठ

महामारी अपनामे सकारात्मक बात नै छै । अखन कोरोना भाईरसके महामारी सँ विश्व अर्थतन्त्रके धरासायी बनेने अछि । आदमीके दैनिकि अस्तव्यस्त बनेने छै । नेपालके सन्दर्भमे आर्थिक हिसाब सँ, पर्यटन क्षेत्र सबसँ बेसी प्रभावित हेतै से देखलगेल अछि । नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालयके आर्थिक सर्वेक्षण अनुसार आगामी आर्थिक वर्षमे अई क्षेत्रके आर्थिक वृद्धिदर १६.३ प्रतिशतसँ ऋणात्मक हेतै से देखेने अछि । लेकिन, अई महामारी सँ सिखेने पाठसभके मुदा नजरअन्दाज कर नै मिलत । ई सिखाईसभके गम्भिरताके साथ लेबै त आगामी दिनमे विकासके गतिके तिव्रता देबमे कठिनाई नै हेतै ।



## महत्वपूर्ण सिखाईसभ

१. स्वास्थ्य सब सँ महत्वपूर्ण छै । सरकारके पहिले स्वास्थ्यके प्राथमिकता दलक मात्रे आरो विकासके गतिविधि सञ्चालन कर परैत छै ।

२. श्रम पुँजीके सिमा नै होईछै वला मान्यता अनुसार, वैदेशिक रोजगारी प्राथमिकतामे छलै । लेकिन, आब श्रम आ पुँजी स्थानीयकरण होबके अवस्था एलै । स्वदेशेमे आत्म निर्भर होब परैछै ।

३. संकटमे स्थानीय सरकार अपरिहार्य रहैछै ।

४. सेवा प्रदायक कार्यालयके भौतिक संरचनासभ भिडभाड नै होबवला आ प्रविधियुक्त होब परैछै । जै सँ सेवाग्राही कार्यालयमे नैहो आईब क सेवा लेब सकत ।

५. कम श्रोतके प्रयोग सँ सेहो बहुते काम कयल जा सकैत अछि । फजुल खर्च बचाक राष्ट्रिय ढुकुटी मजबुत बनाओल जा सकैछ अछि ।

६. हरेक आदमीके वैकल्पिक जीवन पद्दती जीवके अभ्यस्त होब परैछै ।

उपर प्रस्तुत कएलगेल सामान मिति २०७७ जेठ २५ गते Integrity School के Scholar सभसंगे करलगेल छलफलके सारांश छै ।

सही
सूचना

# क्वारेन्टिन स्थल सँ सेहो गुणस्तरिय क्वारेन्टिन अखनके महत्वपूर्ण प्राथमिकता होब सकैत अछि

## विदेशसँ क्वारेन्टिनमे रह आबवलाके संख्या




उपरका ग्राफमे विदेशसँ क्वारेन्टिनमे रह आबवलाके संख्या धिरे धिरे घटैत जारहल देखाबैत अछि । अईसँ पडोसी देशसभ सँ कमे नेपाली कामदारसभ मात्रे नेपाल प्रवेश करहल अछि से बुझाईत अछि । यद्यपी क्वारेन्टिन व्यवस्थापन अखनो सेहो चुनौतीके विषय छै, लेकिन पिछला अवस्थाके तुलनामे अखन क्वारेन्टिनमे रहल आदमीके व्यवस्थापन कर सकत से देखाई अछि । एना देखला सँ, आब सरकार क्वारेन्टिन स्थलके सुरक्षाके सुदृढिकरण आ रोकथामके उपायमे बेसी केन्द्रित होब परत से देखाई अछि । जँ परिक्षणके गतिमे सुधार एतै त समुदायमे होबवला संक्रमणके फैलावट रुकतै त, नेपाल जल्दिये कोरोनाके महामारी उपर विजय प्राप्त करत ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219